

**LEKÒL PIBLIK KI GEN
SIBVANSYON LETA
= BON RANMAN ELÈV**



Sijè a se bon jan lekòl piblik.

Jwenn plis enfòmasyon nan adrès
CharterNYC.org

Kontre avèk nou sou **f** Facebook ak sou **t** Twitter ! @Charter411



NEW YORK CITY
CHARTER SCHOOL
CENTER

www.nycCharterSchools.org

111 Broadway, Suite 604
New York, NY 10006
212.437.8300

“Mwen renmen konnen mwen kapab pran kontak nenpòt lòt avèk pwofesè pitit fi sizan mwen an, nan lekòl ki gen sibvansyon leta kote li ale a. Mwen santi tout bon mwen se yon patnè nan edikasyon pitit mwen - yo toujou pèmèt mwen gade sa k ap fèt nan saldeklas yo, ak patisipe nan aktivite elèv yo pou m rete an kontak.”

- Valerie Babb, ki se yon paran elèv nan Harlem Link Charter School

Jwenn plis enfòmasyon nan adrès www.CharterNYC.org

Lekòl ki Gen Sibvansyon Leta yo la pou Tout Elèv

Èske ou te konnen lekòl ki gen sibvansyon leta yo se lekòl piblik gratis, ki louvri pou tout elèv nan Vil Nouyòk? Jodi a, genyen 205 ladan yo, k ap sèvi 95 000 elèv tout kalite, san bliye elèv k ap aprann pale angle ak elèv ki gen bezwen espesyal. Lekòl ki gen sibvansyon leta pa chwazi elèv dapre nivo akademik yo. Paran yo sèlman gen pou yo remèt yon aplikasyon, epi yo chwazi elèv si chans pote pou yo nan yon lotri. Lekòl ki gen sibvansyon leta yo sèvi elèv depi klas Pre-K pou rive nan klas segondè, epi gen lekòl sa yo nan tout 5 gwo divizyon jwografik NYC yo.

Lekòl ki Gen Sibvansyon Leta yo Pare Elèv pou Inivèsite ak pou Karyè yo

Gen etid ki montre Vil Nouyòk la gen youn nan rezo lekòl ki gen sibvansyon leta ki travay pi byen nan peyi a. Elèv ki nan lekòl ki gen sibvansyon leta yo fè pi gwo nòt nan tès akademik yo pase lòt elèv parèy yo nan distrik la, espesyalman elèv Afwo-Ameriken ak elèv Ispànik. Pandan lane akademik 2014-2015 la, gen plizyè lekòl ki gen sibvansyon leta ki te fè pi bon nòt nan tès pou Eta a !

Lekòl ki Gen Sibvansyon Leta yo Fè Inovasyon !

Lekòl ki gen sibvansyon leta yo pa travay sou lobedyan Depatman Edikasyon NYC. Sa pèmèt yo gen plis fleksibilite nan jan yo administre lekòl yo, jan yo bati pwogram akademik yo, ak moun yo pran pou travay nan lekòl yo. Gen anpil nan lekòl ki gen sibvansyon leta yo ki, anplis enpòtans yo bay matyè fondamantal tankou angle ak matematik, ofri pwogram tou nan fè travay atis, nan syans, ak nan lang. Anpil nan lekòl sa yo kapab sèvi avèk apwòch nouvo pou aprann, tankou jounen lekòl ak lane lekòl ki dire pi lontan, sa ki ede elèv yo bay pi bon rannman nan sa yo aprann ak nan preparasyon pou ale nan inivèsite, ak travay nan yon karyè pi devan.



Lekòl ki Gen Sibvansyon Leta nan 5 gwo divizyon jwografik Nouyòk yo



Kouman pou Fè Aplikasyon - Pa Kite Dat Limit la Pase !

Gen 3 jan ki fasil pou fè aplikasyon pou yon lekòl ki gen sibvansyon leta:

1. Ou ka voye yon aplikasyon nan Metòd Anliy Òdinè pou Fè Aplikasyon nan Lekòl ki Gen Sibvansyon Leta, kote ou ka voye aplikasyon yon sèl kou nan plizyè lekòl. Ale nan adrès www.nycharterschools.org/apply depi jodi a !
2. Ou ka ale nan yon lekòl ou chwazi, kote ou ka pran yon fòmilè pou aplikasyon. Ale nan adrès www.nycharterschools.org/school-search pou wè lekòl ki gen sibvansyon leta ki pi pre kote ou rete a.
3. Oubyen ou ka ale nan pòtay entènèt nenpòt lekòl pou telechaje yon aplikasyon.

Peryòd pou fè aplikasyon an toujou kòmanse nan mwa desanm, pou fèmen nan dat 1ye avril. Kidonk pa bliye voye aplikasyon w anvan dat limit la pase !